● Махуэшхуэ зэхуэсхэр





# АфIэкIа зы зауи къремыхъу!

**Текlуэныгъэ Иным и махуэшхуэр гукъинэжу, щlэщыгъуэу щекlуэкlащ Бахъсэн щlыналъэм. Абы зэдэууэ хэтащ цlыхуищэ бжыгъэхэр, зэрахьэ къулыкъуи, я ныбжьи, зыщыщ лъэпкъи емылъытауэ.**

НАКЪЫГЪЭМ и 8-м, Текlуэныгъэ Иным и махуэм и пэ къихуэу, район администрацэм и Iэтащхьэ **Балъкъыз Артур**, КъБР-м и ЗАГС IэнатIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Шэрджэс Маринэ** сымэ зыхэт гуп щыIащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм ящыщу щlыналъэм псэууэ исыжхэм я деж. Апхуэдэхэщ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм щыщ Кобылкин Иван Илья и къуэр, Крем-Константиновкэ жылэм щыпсэухэу Боженкэ Алексей Иван и къуэмрэ Боченков Василий Сергей и къуэмрэ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбеки езыми къабгъэдэкIыу Балъкъызым фIыщIэ ин яхуищIащ а нэхъыжьыфIхэм, зэрахьа лIыгъэмрэ яхэлъа хахуагъэмрэ папщIэ. Апхуэдэу яритащ фэеплъ саугъэтхэр, удз гъэгъахэр.

Махуэшхуэ пэкIум хэтыну зи мурадхэр щIыпIэ-щIыпIэхэм пщэдджыжьым жьыуэ щызэхуэсу хуежьащ накъыгъэм и 9-м. Iуэхум хуэгъэщIэрэщIа Бахъсэн къалэр псом хуэмыдэжу екIут а махуэм. ЗэщIэбырыбэ шар гъэпщахэмрэ удз гъэгъахэмрэ дэхуарзэрт ныпхэр, къыхуеджэныгъэхэр зытет щэкI шэщIахэр. А псоми ящIыгъужт гумрэ псэмрэ зэщIэзыIэтэ макъамэхэр, мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм, лIыгъэм ятеухуа уэрэдхэр.

Районым и IуэхущIапIэ къэс къикIа лIыкIуэ гупхэр сыхьэти 8 нэужьым щызэхуэсу хуежьащ щIыпIэ администрацэм и гупэм къит утыкушхуэм. Куэд дэмыкIыу абыхэм къахыхьащ къалэм щылажьэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэри. ЩIыпIэм и къулыкъущIэхэм нэмыщI, гупышхуэ зэрыгъэхъуахэм яхэтт орденхэмрэ медалхэмрэ зи бгъэгум щылыд нэхъыжьхэри, абыхэм папщIэ гушхуэныгъэ зи гум илъ щIалэгъуалэри, зи къуэрылъху-пхъурылъху цIыкIухэр зи гъусэ адэшхуэ-анэшхуэхэри. Абыхэм я нэхъыбапIэм яIыгът Хэку зауэшхуэм хэкIуэда е абы къикIыжу иужькIэ дунейм ехыжа я Iыхьлыхэм я сурэтхэр. ГурыIуэгъуэт ахэр «Полк уахътыншэм» хэтыну къызэрекIуэлIар.

Хабзэ зэрыхъуати, щIыналъэм и унафэщIхэр зи пашэ гупышхуэм удз гъэгъахэр тралъхьащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу Ислъэмей жылэм дэтым. КъыкIэлъыкIуэу яублащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 74-рэ зэрырикъум папщIэ къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ пэкIур. Ар и унафэм щIэтащ Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм я дзэ комиссар **Сосналы Мухьэмэд**. Къэралпсо гуфIэгъуэр Бахъсэн щIыналъэм щызыгъэлъэпIэну къекIуэлIахэм къахэщырт районым щылажьэ курыт школхэм я армеец ныбжьыщIэ 600-м нэсыр, ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт школ-интернат №1-м и кадетхэр. ЗауэлI фащэр зыщыгъ ныбжьыщIэхэр екIуу блэкIащ, щIыналъэ унафэщIхэм, зауэм и ветеранхэм, хьэщIэ лъапIэхэм фIэхъус ирахыу.

Абыхэм къакIэлъыкIуэрт «Полк уахътыншэр». ЦIыху минхэр уэрамым ирикIуащ, Хэку зауэшхуэм хэкIуэда, абы псэууэ къикIыжу къэралым хьэлэлу илъэс куэдкIэ хуэлэжьэжа я благъэхэм, Iыхьлыхэм я сурэтхэр лъагэу Iэтауэ яIыгъыу.

- Нобэ зэрыкъэралу дгъэлъапIэ махуэшхуэр - Накъыгъэм и 9-р - адрей махуэшхуэхэм къыщхьэщокI пкърылъ лъапIэныгъэмрэ епха гупсысэмкIэ. Ар ипэжыпIэкIэ цIыхубэпсо махуэшхуэщ, нэпсхэр къезыгъакIуэ икIи псэм дэрэжэгъуэ къезытщ, - жиIащ гуфIэгъуэ зэхуэсыр къыщызэIуихым Балъкъыз Артур. - Уасэшхуэ щIэттащ ТекIуэныгъэ Иным. Абы папщIэ я псэр ятащ ди цIыху мелуан 27-м нэсым. А фIыгъуэр къытхуэзыхьахэм я фэеплъыр мыкIуэдыжынщ. ПщIэрэ щIыхьрэ, фIыщIэ мыухыж яхудощI нобэ къыддэпсэу ди ветеран лъапIэхэм!

Бахъсэн щIыналъэм щыщу зауэшхуэм хэтахэм зэрахьа лIыгъэхэм ятеухуат районым и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Абазэ Анатолэ** и къэпсэлъэныгъэр. Абы жиIахэм пищащ Хэку зауэшхуэм и ветеран **Кобылкин Иван**. Абы игу къигъэкIыжащ мафIае илъэсхэр, къызэхуэсахэм мамырыгъэрэ зэпэщыныгъэрэ яIэну ехъуэхъуащ.

Къалэм щекIуэкIа районпсо пэкIум къыдэкIуэу щIыналъэм къепха жылэхэми щагъэлъэпIащ ТекIуэныгъэм и махуэр. Бахъсэн къалэм ЩэнхабзэмкIэ и уардэунэм и гупэм къит утыкушхуэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхуэсыр къызэIуихащ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим**. Ленинрым и цIэр зезыхьэ къалэ уэрам нэхъыщхьэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэм я нэхъыщхьэт «Полк уахътыншэм» и пэкIур. Мы гъэм абы хэтащ къалэдэсхэм ящыщу цIыху мин 26-м щIигъу.

А махуэм и ныбжьыр илъэси 100 ирикъуащ Хэжь Исуф, Бахъсэн къалэм и ветеранхэм ящыщу псэууэ къэна ветеран закъуэм. Мамхэгъ Хьэчимрэ абы и къуэдзэхэмрэ ехъуэхъуну абы и деж кIуащ икIи КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбеки Бахъсэн къалэ округым и администрацэми къабгъэдэкI тыгъэхэр, ахъшэ саугъэтхэр, удз гъэгъахэр иратащ.

Бахъсэн щIыналъэм апхуэдэу щагъэлъэпIащ КъБР-м и РОСТО ДОСААФ-м къызэригъэпэща зауэ-хэкупсэ автомобиль зэдэжэр я щIыпIэм зэрынэсар. IэнатIэм и унафэщI ЗэкIуу Мухьэжид зи пашэ автомобилистхэм щIыхь хуащIу къащыIущIащ Дыгулыбгъуей дэт курыт школ №7-м.

А зэIущIэхэр екIуэкIа нэужь, гуфIэгъуэхэм адэкIэ щыпащащ къалэ паркым. Абдеж концертышхуэ щекIуэкIащ, районым щыIэ творческэ гупхэм, артист ныбжьыщIэхэм я къарукIэ къызэрагъэпэщауэ. Апхуэдэу нэхъыжьхэм къыхуащтащ ерыскъы щIэщыгъуэ зытелъ Iэнэ берычэт.

«Къремыхъуж афIэкIа зы зауи, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я ныпым дыщIэту дрепсэу цIыхубэр!» - апхуэдэ гупсысэт, дауи, цIыхупсэми хьэуами щызекIуэр а махуэм.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**







● Лъэпкъ Iуэху

# Щыгъуэ махуэм зыхуагъэхьэзыр

**Накъыгъэм и 13-м КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд иригъэкIуэкIащ Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 155-рэ зэрырикъумкIэ Къызэгъэпэщак|уэ гупым хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ.**

НАКЪЫГЪЭМ и 20 - 21 махуэхэм Налшык къалэ щекIуэкIыну Iуэхугъуэхэр зэкIэлъыхьауэ зэрыщытынум, абы хэтынухэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къардэн Мурат**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм ЩIыналъэ политикэмкIэ и управленэм и унафэщI **Къуэжей Артём**, КъБР-м граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министр **КIурашын Анзор**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Ульбашев Ислъам**, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэу **Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ**, КъБР-м и адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуIу советым и тхьэмадэ **Къалмыкъ Жылэбий** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Къызэгъэпэщак|уэ гупым хэтхэр арэзы техъуащ Щыгъуэщ|эж махуэр зэрекIуэкIыну къыхалъхьа программэм: накъыгъэм и 20-м пщыхьэщхьэм, хабзэ зэрыхъуам тету, Псэ жыгым деж адыгэ уэрэдыжьхэм я пшыхь щекIуэкIынущ, шэху уэздыгъэхэр щыщIагъэнэнущ; накъыгъэм и 21-м сыхьэти 10-м Налшык къалэ дэт ГъущI гъуэгу вокзалым деж цIыхухэр щызэхуэсынурэ, шууей 200-м нэблагъэ япэ иту, лъэсырыкIуэхэр къакIэлъыкIуэу Ленинрым и уэрамымкIэ къырикIуэнущ, Псэ жыгым екIуэлIэнущ. Абдеж пэкIур щекIуэкIынущ.

Къызэгъэпэщак|уэ гупым хэтхэм я къыкIэлъыкIуэ зэIущIэр махуэкум, накъыгъэм и 16-м, зэхэтынущ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

## Мы махуэм

**Накъыгъэм и 14, *гъубж***

♦**Къуалэбзухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Астрономием и дунейпсо махуэщ**

♦**Хьэлэлу сату щIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1692 гъэм** япэ урыс дзэ кхъухьыр псым трагъэхьащ.

♦**1796 гъэм** инджылыз еджагъэшхуэ Дженнер Эдуард япэу фэрэкI хилъхьащ.

♦**1878 гъэм** США-м и тыкуэнхэм къыщIалъхьащ Инджылызым щыщ химик Чезбро Роберт зэхилъхьа, медицинэми косметологиеми къыщагъэсэбэп «вазелиныр».

♦**1900 гъэм** Франджым и къалащхьэ Париж къыщызэIуахащ II Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр.

♦**1904 гъэм** Сент-Луис (США) къыщызэIуахащ III Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр.

♦**1955 гъэм** Албанием, Болгарием, ГДР-м, Венгрием, Польшэм, Румынием, СССР-м, Чехословакием я лIыкIуэхэм зэращIылIащ зэныбжьэгъуным, зэдэлэжьэнымрэ зызэщIэгъэкъуэнымрэ хуагъэпса Варшавэ зэгурыIуэныгъэр.

♦**1995 гъэм** Беларусь Республикэм щекIуэкIащ япэ цIыхубэ референдумыр. Абы ипкъ иткIэ къащтауэ щытащ къэралым и ныпымрэ и гербымрэ.

♦**2008 гъэм** Санкт-Петербург и «Зенит» футбол клубым УЕФА-м и Кубокыр къихьащ.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тау Пщыкъан** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, Абхъаз Республикэм и япэ президенту щыта **Ардзинбэ Владислав** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Композитор, музыковед **Блай Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Совет композитор, усакIуэ, продюсер цIэрыIуэ **Матецкий Владимир** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ программист, «Facebook» сетым и къызэгъэпэщакIуэ **Цукерберг Марк** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Черч Эллен дунейм щыяпэу стюардессэу лэжьэн щIидзауэ щытащ.

♦**1942 гъэм** 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ шууей дивизэр зауэм кIуащ.

♦**1945 гъэм** Югославием и дзэм иухащ къэралыр фашист зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэгъэкIыжын.

♦**1955 гъэм** СССР-м, Инджылызым, Франджым, США-м, Австрием Венэ Iэ щытрадзащ Австрием и къэралыгъуэр зэфIэгъэувэжыным, ар демократие хабзэхэм тетыным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦**1965 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Хьэрш къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр.

♦Роман цIэрыIуэ куэд зи къалэмыпэм къыщIэкIа урыс тхакIуэ, драматург, режиссёр **Булгаков Михаил** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс тхакIуэ **Темыр Сэлихь** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артист **Iэхъуэджак|уэ Мэжид** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Драматург, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Акъсырэ Залымхьан** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦ТхакIуэ, драматург, журналист, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дудар Хьэутий** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Касаткинэ Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, Совет Союзым и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Эшпай Андрей** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист, режиссёр **ШэрыIужь Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа **Къамбий Зуфар** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Светличная Светланэ** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, РАЕН-ми ЩIДАА-ми я академик, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и тхьэмадэ **Иуан Пётр** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦УФ-ми, Кубанми, КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Зэныбжьэгъугъэм и ордeныр зрата **Зыхьэ Заурбий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ДыщэкI Артур** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 12 - 15 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 15, *бэрэжьей***

♦**Унагъуэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Климатым и дунейпсо махуэщ**

♦**СПИД узыфэм илIыкIахэм я фэеплъ махуэщ**

♦**Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм щагъэлъапIэ осетиныбзэмрэ литературэмрэ я махуэр**

♦**1867 гъэм** Жор Плъыжьым и Урысей зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1930 гъэм** США-м щыщ

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**



# Джылахъстэнейм махуэ лъапIэр лъагэу щаIэт

**Ди къэралым и щIыпIэ псоми хуэдэу, Тэрч щIыналъэми Iэтауэ щагъэлъэпIащ Хэку зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 74-рэ зэрырикъур.**

НАКЪЫГЪЭМ и 9-м сыхьэти 10-м щIадзэри, къалэм и уэрам нэхъыщхьэм ирикIуащ «Полк уахътыншэ» акцэм хэтыну гупыж зыщIахэр. Абыхэм яхэтт зауэм и бынхэр, щIыналъэм ит IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр, политикэ партхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, егъэджакIуэхэр, щIалэгъуалэр. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж нэса нэужь, къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Тэрч щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **Дадэ МуIэед**.

- Сынывохъуэхъу ди къэралым и махуэ нэхъ лъапIэ дыдэмкIэ - ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ. Хэку зауэшхуэм къихьа гузэвэгъуэм, гуауэм дэтхэнэри дыщыгъуазэщ, нобэми яIуэтэж ди зауэлIхэм яхэлъа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ. Мыпхуэдэ дуней диIэн папщIэ я псэр ятащ сэлэт мелуанхэм. Ди щхьэр лъахъшэу яхудогъэщхъ Хэкум и щхьэхуитыныгъэм щIэбэнахэм! БлэкIар тщызыгъэгъупщэн дымылъагъуу мамыру псэун Тхьэм псори дищI!

ПэкIум апхуэдэу къыщыпсэлъащ зауэр зи нэгу щIэкIахэри, абыхэм и бынхэри. Фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьа нэужь къызэхуэсахэр зауэм хэкIуэдахэм дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ.

Тэрчдэсхэм апхуэдэу удз гъэгъахэр тралъхьащ Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхьан, «Дубки хьэблэм» и Iэгъуэблагъэм бийм и щIыбагъым дэту щызэуахэм, партизанхэм я фэеплъхэм.

Курп лъагапIэм тет фэеплъым дежи пэкIу къыщызэрагъэпэщат а махуэм. Ди щIыпIэм зауэ гуащIэ зэрыщекIуэкIар, зауэм иужь зэманхэр ягу къагъэкIыжу абдеж къыщыпсэлъащ Инарыкъуей къуажэм щыщ нэхъыжьыфIхэу **Тумэ Анатолэрэ Джэрмэшык Хьэжмуратрэ**.

АдэкIэ махуэшхуэр гъэлъэпIэным щыпащащ Тэрч къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэ бжэIупэм деж. «ТекIуэныгъэр дэтхэнэми ди гум илъщ» фIэщыгъэм щIэту къызэрагъэпэща концерт программэм хэтащ щIыпIэ артистхэр, къэфакIуэ ансамблхэр, ЩэнхабзэмкIэ унэм и гъэсэн цIыкIухэр.

Апхуэдэу ТекIуэныгъэм и махуэр щагъэлъэпIащ Тэрч щIыналъэм и къуажэ псоми.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**

# Хэкур зыхъумахэм я щIыхькIэ

**ТекIуэныгъэм и махуэр гъэлъэпIэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щрагъэжьащ «Полк уахътыншэ» акцэмкIэ. Абы хэтхэр - политикэ партхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, IуэхущIапIэхэм, еджапIэхэм я лIыкIуэхэр, РОСТО-м (ДОСААФ) и IэщIагъэлIхэмрэ гъэсэнхэмрэ - Фэеплъым и утым нэс зэгъусэу кIуэцIрыкIащ.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ защыхуигъазэм, Iуащхьэмахуэ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **Залиханов Къанщобий** псом япэу ехъуэхъуащ ветеранхэм, зауэ зэманым псэемыблэжу лэжьахэм, районым щыпсэу псоми.

- Совет цIыхубэм къахьа ТекIуэныгъэ Иныр тхыдэм игъащIэкIи къыхэнэнущ, зэрыпхъуакIуэхэм я мурадыр къызэрырамыгъэхъулIам и щыхьэту. Ди зауэлIхэм я псэ емыблэжу Хэкур яхъумащ, ЕтIуанэ дунейпсо зауэм бэлыхь хидза къэрал куэдми къащхьэщыжри, бийр хагъэщIащ. Шэч хэмылъу, абы ди къэралым хэщIыныгъэшхуэ къыхуихьащ - совет сэлэт мелуан 27-м щIигъу хэкIуэдащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу лIыгъэ зэрахьэу абы хэкIуэда цIыху мин 40-м яхэтащ Iуащхьэмахуэ районым и къуэ пажэ 1716-рэ. Нобэ дигу къыдогъэкIыж зауэм къимыкIыжахэр.





Ирехъу абыхэм я фэеплъыр уахътыншэ! Си гуапэу псоми сынывохъуэхъу мамыру, бэIутIэIуншэу фыпсэуну, - жиIащ район Iэтащхьэм.

Къызэхуэсахэм хъуэхъукIэ зыхуагъэзащ Хэку зауэшхуэм и ветеран **Этезов Нэжмудин**, КъБР-м и Парламентым и депутат **Хасаитовэ Лизэ**, Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэуззэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я район советым и унафэщI **Кудаев Мэжид** сымэ.

Районым зауэр щыщекIуэкIа щIыпIэхэр къызэщIрагъэубыдэу автомобилхэр ирикIуащ, абы хэкIуэдахэм я фэеплъхэм удз гъэгъахэр тралъхьэурэ.

Фэеплъым и утыкум деж щекIуэкIа пшыхьым щагъэзэщIащ зауэ зэманым теухуа уэрэдхэр.

Урысейм и щIыналъэ псоми яхэту, сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м районым щыпсэухэр дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм.

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хыхьэ адрей жылэхэми пэкIухэр, пшыхьхэр щекIуэкIащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 74-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ.

**ТАРИМ Алисэ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**КIапсэшхуэм ихьар арэфыпсым къехьыж.**

● Шэрджэс меджлисым и псалъэ

# Щхьэ къыдэзауэрэ?

**Урысейм зауэ къызэрыдищIылIэ лъандэрэ зы къэрали къыддэIэпыкъуакъым кавказ лъэпкъхэм. Тырку сулътIаным деж куэдрэ дгъэкIуащ лIыкIуэ, къыткъуэувэнкIэ, къыддэIэпыкъункIэ дыщыгугъыу, ауэ абы къытхуищIа щыIэкъым. Персиеми дгъэкIуащ лIыкIуэ, иужьрейуэ Мэхъмэт Алий зыхуэдгъэза щхьэкIэ дызэхащIыкIакъым.**

ШЭРДЖЭСЫМ и лIыкIуэхэм я пщэ дэтлъхьауэ щытащ Урысейм къыдищIылIа зауэр къызэрыттехьэлъэм и хъыбар къэрал лIыщхьэхэм я деж нагъэсын хуейуэ; дэ ди хабзэхэри ди динри нэгъуэщIщ, арыншамэ Урысейр апхуэдизрэ щхьэ къыдэзэуэн хуейт? Псоми ящIэн хуейщ урыс инэралхэр зэрытхьэгъэпцIыр, я сэлэтхэр зэрыгущIэгъуншэр. Шэрджэсхэр дызэтраукIэмэ, хэт и фейдэ хэлъ абы? Псори къыддэщIын хуейщ адыгэхэм!

Урыс сэлэт мин Iэджэ къыдаутIыпщащ дэ, Iэпхлъэпх дызэращIынщ зи ужь итыр, дыкъаухъуреихьауэ. Дэ даухмэ, фэ къыващIылIэнущ зауэ. Ди щхьэм и закъуэкъым дэ дызыхуэзауэр. Дэ дызыIэщIалъхьэмэ, Тыркуми нэсынурэ абыи къыщызэтеувыIэнукъым - аращ иджыпсту фыкъыддэIэпыкъун щIыхуейр.

Ар нывжедгъэIэн щхьэкIэщ ди лIыкIуэхэр ныщIыфхуэдгъэкIуар, ауэ ди лIыкIуэхэм я псалъэр зыми зэхищIыкIакъым, зыми къилъэгъуакъым ди хьэтыр. ДызэхащIыкIрэ ди бэнэныгъэм къыхыхьатэмэ, сыт хуэдиз зауэлI хахуэм я пашэ хъунут сулътIаныр, сыт хуэдизым я гур къихьэхунут абы!

Урысейм и закъуэкъым дунейм тетыр, къэрал Iэджэ тетщ дунейм. Урысейм нэхърэ нэхъ къэрал ини нэхъ лъэщи зэрыщыIэм дыщыгъуазэщ адыгэхэр. Дыщыгъуазэщ Инджылызри Франджыри гузэвэгъуэ хадзэ лъэпкъхэм къазэрыщхьэщыжым. ИтIани къытлъэIэсыркъым абыхэм я гущIэгъуи я дэIэпыкъуныгъи. Шэрджэсхэр дыкъуаншэмэ, къыддремыIэпыкъу инджылызхэри франджыхэри. Ди хэкур Урысейм щыщ хъуауэ къыщыгъэлъэгъуащ европей картэхэм - абыи дыщыгъуазэщ дэ. Дыщыгъуазэщ ди щIыбагъкIэ хьэгъэщагъэхэр зэрыщызэрахьэм: дэ къыдамыгъэщIэххэу, Урысеймрэ Тыркумрэ ди унафэр ящI, зэгуроIуэри, зым IэщIэмылъыр адрейм ирет, дэ къыдэупщIыни я щхьэ тралъхьэркъым. Урысхэм Европэм щыжаIэ дэ абыхэм драгъэр хуэдэу, дыхьэкIэкхъуэкIэ защIэу, гущIэгъуи тхуэмыфащэу, унафэ е хабзэ гуэрми дыпхуемыувэлIэну. Лъэпкъышхуэ дыдэщ инджылызхэр, дызэхащIыкIынкIэ дащогугъ, ауэ дэ дыхьэкIэкхъуэкIэмэ, зыми емыдаIуэ дыхъунщIакIуэмэ, ди хьэтыр кърыремылъагъу, нэкIи къыдремыплъ.

СулътIаным псалъэ еттауэ щытащ дэ, ауэ ар ди лъэныкъуэ хъунукъым, Урысейм ди щIыбагъкIэ гурыIуащи. СулътIаным ещIэ Урысейр къызэрыдэзауэр, итIани абы йопсалъэ, щэхуу гуроIуэ: уи IэмыщIэ имылъым и унафэр дауэ зэрыпщIынур? Дэ дыгъэркъым, дыпщэ, дыпт хъуну. Пэжщ, дызэкIэщIэчащ, дыщызэгурымыIуэр нэхъыбэщ, зы унафэм деувалIэркъым - аращ ди мыгъуагъэ псори къызыхэкIыр. Ауэ дэ дыщхьэхуитщ, ди щхьэхуитыныгъэращ дызыщIэзэур, ар хамэм и IэмыщIэ итлъхьэн муради диIэкъым.

*Шэрджэс меджлисым къэрал лIыщхьэхэм зэрызыхуагъэза Псалъэм щыщщ.*

# Маршалым и гупыжыр гупыжу къонэж

**Кавказ Iуэхур иджыри бадзэуэгъуэм зэфIэкIат. Щамил урысхэр Кавказ Ипщэм ирихужмэ зи гуапэ хъуну инджылыз тепщэгъуэм а къалэн мытыншыр я дамэгъу франджыхэмрэ тыркухэмрэ я пщэ дилъхьэмэ нэхъ къищтэрт...**

КАВКАЗЫР куэд щIауэ зыщагъэгугъ пэтми, инджылызхэр пIащIэртэкъым а щIыналъэм ихьэну, бадзэуэгъуэм и кIэмрэ шыщхьэуIум и пэмрэ къызэрыхалъхьам тету. Бадзэуэгъуэм и тIощIрэ тхум Щамил и Iыхьлы НэIиб-пащэ[1] зи унафэщI лIыкIуэ гуп Варнэ кIуэхэри Сент-Арно маршалымрэ лорд Рагланрэ зыхуагъэзахэщ. ЛIыкIуэхэр нэрыбгэ щэ ныкъуэ хъунт. Сент-Арно абыхэм я щIыхькIэ дзэр иригъэувыкIри, къуэкIыпIэ армэм папщIэ щытхъу псалъэ щысхьакъым. Езы бгырыс шухэми франджыхэр ятхьэкъуат я шыфэлIыфэ екIумрэ шы тесыкIэмкIэ. Ауэ Iуэхур псалъэ гуапэ зэрызэIэпахам фIэкIакъым.

А лIыкIуэхэм ягъэзэжа нэужь, Щамил къыгурыIуэпа къыщIэкIынщ адэкIэ дамэгъухэм уащыгугъ зэрымыхъунур. Сент-Арно и штабым махуэ зыбжанэкIэ и фIэщу щытепсэлъыхьащ кавказ бгырысхэм ядэIэпыкъуа зэрыхъунум. Уеблэмэ бадзэуэгъуэм и тIощIрэ блым, шэрджэс лIыкIуэхэр Варнэ зэрыкIуэрэ махуитI щрикъум, маршалым Париж тхыгъэ ригъэхьат: «Iэнэпэрэ Суджукъ-къалэрэ зэуэ сытеуэу къысхуэубыдынущ. Хы Iуфэмрэ плъырыпIэхэмрэ зэрагъэпэщыну яжесIащ: тынш дыдэ хъунущ Севастополь папщIэ дгъэхьэзыра къарухэр мыбдеж къыщызгъэщхьэпэмэ. А Iуэхум нэхъри политикэ мыхьэнэ щIиIэр Щамил и дэIэпыкъуэгъу НэIиб-пащэ шэрджэсыпщ щэ никъуэ и гъусэу иджыпсту Варнэ щыIэщи аращ. Абы къызжиIа къудейщ си армэр сщIыгъуу Шэрджэсейм сыщитIысыкIмэ, лъэпкъ псори къызэщIиIэтэу Iэщэ зыIыгъ зауэлI мин плIыщI къызэрызгуигъэхьэнур, урысхэм икIуэтыжыпIэ ямыIэу зэтраукIэн папщIэ. Ар егъэлеяуэ узыIэпызышэ Iуэхущ». Маршалым и гупыжыр гупыжу къэнащ. Инджылызхэм Iуэхум къыхэIэбэну загъэхьэзырыххэртэкъым. Сент-Арно бгырыс лъэпкъхэр Щамил едэIуэну и фIэщ хъуртэкъым. Арати, лIыкIуэхэм пщIэншэу ягъэзэжащ... Маршалым фIыуэ ищIэрт Къэжэрымрэ Индиемрэ инджылызхэм яхуихъумэн папщIэ франджылъыр игъажэу, император Наполеон Ещанэм Урысейм Кавказыр къахутрихыжын Iуэху зэрызэримыхуэр.

*Академик* **ТАРЛЕ Евгений**.
*«Къырым зауэ», 1943 гъэ*

[1] *Тарле зи гугъу ищIыр Мухьэмэд-Iэминщ.*

● Лъэпкъ ущие

155

# Фызэтеувыр псори!

**Къэбэрдей Лъэпкъ Хасэм и пащхьэм ХьэтIохъущокъуэ Исмел Псыгъуэ 1805, 1806 гъэхэм щыжиIар**

**ХьэтIохъущокъуэ Исмел адыгэ лъэпкъ цIэрыIуэм къыхэкIащ, 1787 - 1791 гъэхэм екIуэкIа урыс-тырку зауэм хэтащ, иужькIэ епщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм и кIэухым щыщIэдзауэ, дунейм ехыжыху, Къэбэрдейм къыщыхъуа Iуэху псоми хэтащ, и цIэр адыгэхэм ящыгъупщакъым нобэр къыздэсым, М. Ю. Лермонтовым и поэмэ цIэрыIуэм («Измаил-бей») и лIыхъужь нэхъыщхьэщ.**

**1805 гъэм Гумыщхьэ щызэхэта адыгэ лъэпкъ хасэм зэрыщыжиIамкIэ, ХьэтIохъущокъуэ Исмел илъэс тIощI и пэкIэ щIалэ дыдэу икIауэ щытащ Къэбэрдейм, и адэм и унафэм ипкъ иткIэ, «щIэныгъэ зригъэгъуэтын папщIэ» (ХьэтIохъущокъуэ Исмел къыщалъхуар IупщIкъым. Лермонтовым зэритхымкIэ, Къэбэрдейм щикIам щыгъуэ Исмел илъэс пщыкIуплIым итт, абы тепщIыхьмэ, ар къыщалъхуар 1771 гъэрщ).**

ИЛЪЭС тIощIым нэсащ сэ хэкум пэIэщIэ сызэрыхъурэ. 1794 гъэм пIалъэ кIэщIкIэ сыкъыфхыхьэжауэ зэрыщытам и гугъу сщIынкъым. Си хэкум и Iуэху зытетым щыгъуазэ зыхуэсщIыным сыхунэмысауэ, си насыпыншагъэм къыдэкIуэри, абы щыгъуэ сыфхэкIыжауэ щытащ. Си щхьэкIэ къызэуэлIа псоми сытепсэлъыхьыжынкъым, сыту жыпIэмэ, сэ сезыгъэзыр си псэм и щIасэ си хэкур нобэ зыIут IэнатIэрщ, сызыхуэлажьэри абы и фейдэ зыхэлъымрэ тыншыгъуэ зэриIэнымрэщ. Си хэкум сэбэп сыхуэхъун мурадкIэщ сэ унэм сыщIикIари, ди лъэпкъ цIэрыIуэм сыхэсыжатэмэ, гухэхъуэгъуэу сиIэнкIэ хъуну псори къыщIызэзнэкIари, гъащIэм и IэфIыгъэкIэ къызэтэ щIалэгъуэм сыщIемыблари. А псори IэщIыб щIэсщIар, вжызоIэ сэ, щIэныгъэм зезыгъэузэщIа, цIыхур зэгурызыгъэIуэфын хабзэхэр зэзыгъэпэщыфа лъэпкъхэр зэзгъэцIыхун щхьэкIэщ. Си лъэпкъэгъухэм фIыгъуэ къезгъэуэлIэн папщIэ, бжьэм хуэдэ сыхъуным сыщIэкъуащ сэ, сэбэп хъупхъэр зэщIэскъуэурэ си хэку лъапIэм къислъхьэныр си хъуэпсапIэти. Зи пщIэр лъагэ тхьэмадэхэ, фэ фпэIэщIэ сызэрыхъуар сигу къеуэми, ар зыхуэзгъэшэчащ, сыкъыфхыхьэжа нэужь, зыгуэркIэ сэбэп сыхъуфмэ, ар сэркIэ зэрынасыпым шэч къытесхьэртэкъыми. Къэзгъэзэжауэ сыфхэтщ нобэ. Ауэ сыт сэ сыкъызрихьэлIэжар, ди Тхьэ! Си лъахэм и унэхъугъуэ махуэр си нэгу щIэбгъэкIын щхьэкIэ, ди Тхьэ, уигу къыщIызэбгъар!.. Насыпыншагъэу къывэуэлIа псор фи деж щыслъагъуркъым сэ. Ар сигу къызэреуэр вжесIэу аращ. СывэупщI къудейщ: щхьэ ехуэха къэбэрдей лъэпкъым и пщIэмрэ и щIыхьымрэ? Хэт ар зи лажьэр? Пщыхэми, уэркъхэми, зэрылъэпкъыуи щхьэ зыщывгъэгъупща хэкум и хуитыныгъэмрэ абы зегъэузэщIынымрэ нэхъ лъапIэ щыIэнкIэ зэрымыхъунур? Ижь лъандэрэ пщIэрэ щIыхьрэ зиIа ди лъэпкъыр зэрыхэкIуэдэжыр флъагъурикъэ? Фигу къеуэркъэ ар, жызоIэ! Хьэуэ, КъурIэным сытеIэбэурэ тхьэ фхуэсIуэнщ гукъанэ фхуэсщIын мурад сызэримыIэмкIэ. Щхьэж и гукъанэ ирырекъухи, Тхьэм девгъэлъэIу ди лъэпкъым фIыгъуэ хуэдлэжьыфын щхьэкIэ, гуащIэрэ акъылрэ къытхилъхьэну.

Ди адэм и унафэм седаIуэри, си гум къыщIитхъыу сикIауэ щытащ сэ ди хэкум. Урысейм сыкIуащ, сфIэмыфIми. Я хабзэри сигу техуэртэкъым сащыхыхьагъащIэм. Гугъу сыдехьурэ зэзгъэщIащ я бзэр, ар зэзгъэщIа нэужьщ я хьэлщэнкIэ нэхъ щысцIыхуар. Дэ тхэмылъ куэд ядэслъэгъуащ абыхэм, ядэслъэгъуащ дэ зэдмыгъэкIу куэди. Урысейр къэралышхуэщ, щIэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ зыщиубгъуащ. Урыс къэралыр къулейщ, и къарур, и гуащIэр инщ, цIыху мелуан щэщIрэ хырэ исщ абы икIи, пащтыхьыр хуеймэ, а цIыху бжыгъэм и Iыхьэ щанэр зауэлI хуэхъунущ. Къэрал лъэщым дыщригъунэгъукIэ, ар къызэрытщхьэпэным иужь дитын хуейщ дэ, ди щхьэр тхъумэжын папщIэ. Фи фIэщ фщIы, си лъэпкъэгъу лъапIэхэ, ди акъыл дитыжмэ, ди гъунэгъу лъэщым и ней зыщыдгъэхуэ зэрымыхъунур.

Ди гум зэи имыху адэжь Iущхэм я уэсятщ а къэрал лъэщым и жьауэм дыщIэтын хуейуэ. Фэри зэрыфщIэщи, динкIэ ди благъэ Тырку къэралыр къаруунщэ дыдэ хъуащ...

Персхэри муслъымэнщ, ауэ я лIыщхьэхэр зэгурыIуэркъым, зы унафэ яIэкъыми, зыр зым щыхьэжауэ зэрошх. Куэд щIакъым, дызыпэмылъэщынум дыпэуври, ди щхьэр хэтлъхьащ, ди пщIэри ехуэхащ. Акъыл зиIэмрэ и хэкур фIыуэ зылъагъумрэ къыгурыIуэнщ дыщыунэхъуну махуэр къызэрыблагъэр. Зи щIыхьыр лъагэ хасэ, дэ псоми долъагъу икIи зыхыдощIэ ди хуитыныгъэр тфIэкIуэдынкIэ шынагъуэ зэрыхъуар. Апхуэдэ насыпыншагъэр, и щхьэр течауэ жысIэнщи, зи лажьэр дэращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэ, уеблэмэ зэунэкъуэщхэми, ди акъыл зэтехуэркъым. Абы къыхэкIкIэ ди лъэпкъри зэкъуэткъым, псори зэзыгъэдэIуэн тхьэмадэ диIэжкъым. Пщы щIалэхэр нэхъыжьхэм едэIуэжыркъым, я нэр щIалагъэм къыщепхъуэри, гу лъатэркъым ди лъэпкъым и кIуэдыжыгъуэр къызэрыблэгъам: щхьэзыфIэфIхэм я зэранкIэ лъэпкъым къытохуэ ди гъунэгъухэм я губжьыр, дяпэкIи къытехуэнущ, абы дытетынумэ.

Гъуэщахэр гъуэгу захуэ тришэжын щхьэкIэ, Тхьэм игу къобгъэри егъэунэхъу ахэр, ар зэхамыщIыкIмэ, нэхъри къахуогубжьри, и ней къащохуэ. Ди бегъымбарыращ ар жызыIар. Насыпыншагъэ фыхэхуауэ сыкъывихьэлIэжыгъащ зы гъэ сыкъыщыфхыхьэжам, ар къывгурыIуэжауэ гу лъыстэркъым ноби, къывгурыIуэным и пIэкIэ, нэхъей фекIуауэ солъагъу, сыфхоплъэри. Тхьэм игу къыдэбгъауэ шэч сощI иджы: зауэм къытхуихьам ищIыIужкIэ, емынэ уз бзаджэм ди лъэпкъым и зэхуэдитIыр икIуэдыкIащ. И нэр исыжкъым дэ дызыхэт тхьэмыщкIагъэр зымылъагъум, и щхьэр зэкIуэкIащ Тхьэр къызэрытхуэгубжьам гу лъызымытэм.

Фи фIэщ фщIы, пщIэ зыхуэсщI си лъэпкъэгъухэ, ди Iуэхур абы куэдрэ тет зэрымыхъунур. ДызэрызэгурымыIуэм, ди акъыл зэрызэтемыхуэм и зэранкIэ, си лъахэ насыпыншэр хэкIуэдэжауэ Тхьэм симыгъэлъагъукIэ - абы дынэсащ дэ. Тхьэм симыгъэлъагъукIэ лъапсэкIуэдыр къыхуэкIуауэ, ди нэхъыжьхэр, ди цIыхубзхэмрэ ди сабийхэмрэ зэщIэгъуагэу, гузэвэгъуэр ятелъу, биййм гъэрыпIэм щрихуэну махуэ мыгъуэр. Абы Тхьэм дыщихъумэ. Апхуэдэ шынагъуэр къызэрытщхьэщыхьар зыхэсщIэрти, аращ Бытырбыху зи ужь сыщита Iуэхур къэзгъанэу пIащIэгъуэкIэ сыкъыщIэкIуэжар. Сэ си нэкIэ слъэгъуащ, щыхьэти сытехъуэфынущ дызыпэува къэралыр къыщичыным зэрынэсам. Сэ слъэгъуащ къыттехьэлъэнкIэ хъуну щыблэм зэрызыкъызэщIищIар. Фызэтеувыр, лъэпкъ насыпыншэ, фи акъыл фихьэж, фегупсыс дэр нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъэщым дыпэлъэщынрэ дыпэмылъэщынрэ, ди щхьэр хэдвмыгъалъхьэ, фызэчэнджэщ мы хасэм кърихьэлIахэр, ди лъэпкъым къылъэIэса шынагъуэр зыщхьэщытха зэрыхъунум и унафэр фщIы. КъурIэным сытеIэбэурэ псом япэ Тхьэ сIуэнщ, унафэр захуэмэ, цIыхур зыгъэжакъуэ хьэгъапхъэхэм ящысхъумэнкIэ - си псэр пытыху, лъы ткIуэпс къысщIэмынэжыху. Ауэ сынывольэIу, кIыхьлIыхь зывмыщI, шынагъуэр къытщхьэщыхьакIэщ, зэман диIэжкъым.


Адыгэ шууейхэр.
*Сурэтыр 1844 гъэм ящIащ.*

# Жэуап щIэзмытар

**Алий-пащэ хъыбар къызэрызигъэщIамкIэ, кавказ бгырысхэм Тыркум Iэпхъуэн мурад ящIмэ, Уэсмэн правительствэр къапэрыуэнукъым. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, жиIащ Алий-пащэ, тыркухэр абыкIэ арэзы хъун папщIэ, мы IуэхугъуитIыр зэIубз щIын хуейщ.**

ЯПЭРАУЭ. Мухьэжырхэм гурагъэIуэн хуейщ ахэр Истамбылрэ Трапезундрэ я закъуэ къыщызэтеувыIэ зэрымыхъунур. Уэсмэн правительствэм къахуигъэлъагъуэ щIыпIэхэмкIэ арэзы хъун хуейщ мухьэжырхэр, ахэр зы щIыпIэ деж щызэтримыхьэн щхьэкIэ.

ЕтIуанэрауэ. Мы Iуэхум ирагъэпIэщIэкI хъунукъым Портэр, пIалъэ къыхэгъэкIауэ, псалъэм папщIэ, етIанэгъэ накъыгъэ пщIондэ, тыркухэм Iэмал етын хуейщ мухьэжырхэм псэупIэ нэхъ яхуэхъун щIыпIэхэр яубзыхуну; арыншамэ, апхуэдиз цIыху щыIэпхъуэкIэ узыхуэмей гугъуехь ухэхуэнкIэ мэхъу, жиIащ Алий-пащэ.

Лей си гугъэкъым, мыри щIызгъужмэ. Алий-пащэ къызэупщIащ мухьэжырхэм я бжыгъэр зыхуэдизынумкIэ. Жэуап тэмэм естакъым пащэм, ести хъунутэкъым, ауэ занщIэу сымыгъэщтэн щхьэкIэ, жесIащ мухьэжырхэр мин 50 хуэдиз зэрыхъунур; а бжыгъэри зригъэщIэгъуэкIащ абы, фIэкуэдыIуэ хъури.

*Истамбыл дэс урыс лIыкIуэ* **НОВИКОВ Д. С.** *Кавказ армэм и штаб нэхъыщхьэм и Iэтащхьэм деж 1863 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м къитха письмом щыщщ.*

# Шапсыгъхэм я къарур ирахьэлIэ

**Абэзэхэхэмрэ натыхъуейхэмрэ урыс тепщэгъуэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэм тету, адыгэхэм яукъуэдият иджыри къэс яухуахэм къинэмыщIа, урысхэм афIэкIа абыхэм я щIыналъэм быдапIэ щамыухуэну; быдапIэхэр зэрыт щIыпIэхэм фIэкIа урысхэм щхьэзакъуэуи куэд хъууи я щIыналъэм зыкъыщамыгъэлъэгъуэну; езыхэр дзэм хыхьэн IуэхукIи ахъшэ хэхыпщIэкIи къыхамыгъэзыхьыну.**

УРЫСХЭМ апхуэдэ фэрыщI жыIэдаIуагъэр ягу трагъэхуащ, нэхъыбэу, кавказ Iуэхур зэфIэкIа хуэдэу Европэм къыщагъэхъун папщIэ; ауэ я мурад нэхъыщхьэр Дагъыстэным, Натыхъуейм, Абэзэхэм щыIа, иджы хуит хъуа я дзэхэр шапсыгъ яхуимыгъэкIуэтхэм ираутIыпщынырт. Ахэр унафэм щIэуватэмэ, Абэзэхэр бгъэбэяуныр гугъу хъужынутэкъым.

1860 гъэм и гъатхэм биидзэ корпусищ, дэтхэнэ зыри бжыгъэкIэ 25.000 хъууэ Шапсыгъым егъэрыкIуащ.

**ЛАПИНСКИЙ Теофил**, *адыгэхэм къащхьэщыжыну Польшэм къикIа лыхьыдзэм и унафэщI, полковник. 1857 гъэ*

# Кавказыр зыIэщIэтлъхьэн Iуэху гугъур къэдгъэнэж хъунутэкъым

**1856 гъэм бгырысхэр ди унафэ щIэзыгъэувэпа илъэсибл егбгъэрыкIуэныгъэм щыщIэддзэм щыгъуэ, къэжэрхэм ядедгъэкIуэкIа зауэм дызригъэува щытыкIэм иджыри димыкIауэ жыпIэ хъунут, зы лъэбакъуэкIэ ипэкIэ дымыбэкъуауэ.**

**Ауэ щыхъукIэ, бийр куэдкIэ ефIэкIуат: бгъэдэлъу ямыгугъэххэ и къарухэр зэригъэуIуат, езыри къимыкIуэтыныгут. Абы къыхэкIыу ди кавказыдзэм игъэзэщIэн хуей къалэныр пщIыкIэ нэхъ гугъу хъуат, Iуэхур къыщежьам емыщхьыжу.**

УРЫС газетхэм мащIэщ Кавказым теухуауэ ятхыр, зэрамыцIыхум къыхэкIыу, ауэ а щхьэусыгъуэ дыдэм и зэранкIэ Кавказым къыщыхъухэм теухуауэ псалъэмакъ пхэнжхэр щагъэIу къохъу.

Зэкъым, тIэукъым къызэрысхуихуар бгырысхэм къару къазэрыхуэмынэжам, къуэкIыпIэ зауэм и ужькIэ ахэр зэрыгужьеям, аращи, уатекIуэну зэрытыншым теухуа псалъэмакъхэр зэхэсхыну. ИпэжыпIэкIэ апхуэдэ зыри тлъэгъуакъым дэ: бгырысхэр я къару къызэрихькIэ къытпэщIэтащ. ЗэрымыщIэкIэ и гъусэхэм къакIэрыхуауэ зауэлI гуп псом къиухъуреихьа бгырысыр, зимыту, Iэщэр IэщIэлъу хэкIуэдэху зауэрт 1863 гъэми.

Псыжь адрыщI щIыналъэр унафэм щIигъэувэным (урыс) империер иужь ихьат, Адрианополь зэгурыIуэныгъэр къабыл зэращIу. Абы и пэкIэ зи хъунщIэтеуэхэр щызымыгъэт хэкурысхэм яхурикъужын папщIэ илъадэ-къижыж фIэкIа, ар Шэрджэсейм иджыри и фIэщу пэщIэуватэкъым. Зауэм щыщIидзэпар 1830 гъэм Паскевич графым и корпусыр иришэжьа нэужьщ. Абдеж щыщIэдзауэ къарухэм я нэхъ лъэщыр нэхъыбэу къыщыщхьэпар шэрджэсхэм ящIырщ.

Бгырыс мыхьэнэншэхэм ятеухуауэ апхуэдизкIэ хъыбар телъыджэлажьэхэр Европэм жраIэжащи, яфIэщыпсу ахэр лIыхъужь гуэру къалъытэ, зэгуэр я хуитыныгъэм щIэбэна алыджхэм ирагъэщхьрэ я нэфI ящыхуауэ. А гурыщIэр абыхэм яфIэзыгъэкIуэдын щапхъэ я нэгум щIэгъэкIын хуейщ.

Адыгэхэр «урыс Iэлхэм» къригъэлын гукъыдэж зиIэ дэтхэнэ зы пцIыIуэпцIышэри Iэщэ-фащэкIэ яузэдри, псапащIэ цIэимыIуэхэм я мылъкукIэ къаутIыпщ. Ардыдэхэм къащэхуурэ къуэкIыпIэ хы Iуфэм гын, шэ, Iэщэ-фащэ, топ, н. къ. кърагъашэ.

Апхуэдизу псори шэрджэсхэм къащыщхьэщыж зэманым, 1864 гъэм а псапащIэ цIэимыIуэхэр адыгэ цIыхубэ шхын щхьэкIэ зэтелIэм ерыскъы къыхурагъэшэн щхьэкIэ я мылъку еблэжын хуейтэкъым. ЗыщытхъужхэурэпцIы зезыхьэ, ди шэхэм зэпыIуадзурэ я зыхэзи уIэгъэ мыхъуа а пцIыIуэпцIышэхэр абыкIэ бгырысхэм куэдкIэ нэхъ яхуэщхьэпэфынут. Бгырысхэр Iуфэм етхулIэхункIэ, ди фыгъуэгъухэм я дежкIи гугъу хъунутэкъым адыгэхэм ядэIыпыкъуну; ипщэ лъэныкъуэмкIэ бгыхэм куэдкIэ нэхъ бгъэдыхьэгъуейщ ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ нэхърэ, 1863 гъэм хым зыгуэр къыщыбгъэхъуфыну ущыгугъ хъуххэнутэкъым. Сытми, хахуагъэм къызэгуих бгырыс къом иджыри ищхъэрэ лъэныкъуэм зыщызэтезыIыгъэхэм, хыIуфэ бгырыс бжыгъэшхуэ къыкъуэтт, иджыри я къару къызэкъуамыхауэ, ягухэр илъу, мылъкурэ зыгъэгушхуэн псалъэкIэ Тыркури зэры-Европэуи къадэIэпыкъуу. КъуэкIыпIэ зауэм зэрыщыхъуам ещхьу, ди жагъуэгъухэр етIуанэу блэIэбыкIащ, и щхьэ хуитыж Кавказ Iуэхур къыщаIэтым. А зэман дыдэм Кавказым ис муслъымэн цIыхубэр дин къыхуеджэныгъэм зэщIищтауэ, куэд дэмыкIыу зыкъызэрыщIагъэкъуэнымкIэ адыгэхэр къагъэгугъэрт. КъухьэпIэ Кавказыр, зыри зэран къытхуэхъуну хунэмыс щIыкIэ, зыIэщIэлъхьэн хуейт.

ИтIани хэкурысхэр бгыхэм тебгъэкъэбзыкIыныр хыр бгъэгъущыным хуэдэ дыдэу гугъут. А мурадым улъэIэсын папщIэ Евдокимов-графым и ерыщагъ къызэрымыкIуэр уиIэн хуейт. Абэзэхэ къэнахэр зэрырахуу, Тыркум кIуэну загъэхьэзыру Iуфэм деж щызэхуэса бгырыс гупым къагъэзэжри, - езыхэм я щIыналъэр яцIыхужыртэкъэ, - нэхъ къыщыдмыгъуэтыфын щIыпIэ пхыдзахэм зыщаудыгъуащ. Аргуэру плъыр гупыр ежьэу, щIэпхъуэжахэр къагъуэтыжу е Iуфэм Iуахуэн е къыхухаха щIыпIэхэм лъэщыгъэкIэ ягъэIэпхъуэн хуейт. ЗызыгъэпщкIуахэр къэлъыхъуэжын Iуэхур гъэмахуэм и кур къэсыху екIуэкIащ. Псыкупс дзэ щхьэхуэ щыIыгъын хуейт бгырыс щIэпхъуэжхэр къыщыдмыгъуэтын щIыпIэм ямыгъэкIуэн папщIэ.

БГЫРЫСХЭР егъэлеяуэ ерыщу къыдэзауэрт. ЗауэзэрылI утыкум хахуэу къыщытпэщIэувэхэм я мызакъуэу, зэрыцIыхубэу бгъэкIэ къытпэщIэтт: ди удыну ятехуэр зыхамыщIэ пэлъытэт. Зы цIыху закъуэр дзэ псом пимыкIуэту бийр иукIыурэ зэрылIэм хуэдэу, зи къуажэхэр мафIэм храгъэсхьэжа лъэпкъым езыр зэрыса щIыпIэхэр дзапэкIэ иIыгът.

Бгырысхэр ди унафэ къыщIэувэну зэрыхуэмей къудейм щхьэкIэ, зи ужь дихьа Iуэхур хыфIэддзэу, Кавказыр зыIэщIэтлъхьэн Iуэхур къэдгъэнэж хъунутэкъым. Бгырысхэм я зэхуэдитIыр зэтеукIэн хуейт, адрей зэхуэдитIыр Iэщэр игъэтIылъыну пхухэгъэзыхьын папщIэ. Ауэ Iэщэм икIуэдыкIар Iыхьэ пщIанэм фIэкIыртэкъым. Адрейхэр щIымахуэ гуащIэм ихьат, мэзым, къурш джафэм я щIыIум къыщепщэ борэнхэм щыхэкIуэдат. Псом хуэмыдэу хэщIар нэхъ къаруунщэхэрт - сабийхэмрэ бзылъхугъэхэмрэ. Тыркум яутIыпщыну бгырыс гупыр Iуфэм деж щызэхуахуса нэужь, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым цIыхухъу балигъхэм елъытауэ бзылъхугъэхэмрэ сабийхэмрэ я бжыгъэр куэдкIэ зэрынэхъ мащIэм. Датеуэху, зырызурэ мэзхэм, игъащIэм цIыху зримыкIуа къуакIэхэм зыщызыудыгъуахэри куэд хъурт. Закъуэныгъэм псэущхьэ пэлъытэ ищIыжа куэд къагъуэтыжырт ди плъырхэм.

**ФАДЕЕВ Ростислав**, *урыс зауэ тхыдэдж, генерал-майор. 1860 - 1864 гъэхэм*

# Адыгэ уситI

I

Уэ уадыгэщ, дэнэ ущымыIэми,
Дунейр уи мылъкуми, зы апэсы уимыIэми.
Уэ уадыгэщи - уи лъахэмкIэ еплъэкI,
ЕплъэкIи, хуэщIэ къыумыгъанэу плъэкI.

Уэ уадыгэщ, зи гур уз уи лъапсэм
И теплъэм дэнэ къикIри зрегъэхъуапсэ,
Къехъуапсэм ищIэркъым ди щIыр зыщIыр пшэр:
Лъы ящIэтарщ дядэжь зытахэм псэр.

Уэ уадыгэщ. Ермоловым щIыгъуахэм
Щысхьрабгъу ямыIэу зи лъыр ягъэгъуахэм
УраIыхьлы-лыджанэщ, улIэужьщ,
УпсэухункIэ ахэри псэунщ.

Лъы защIэщ, гуауэщ адыгэм диIэр тхыдэу,
Нэхъ мащIэу дефэу, нэхъ мащIэури дышхыдэу,
ЗыкъэзыщIэж ди лъэпкъым хуэщхьэпэн
Хуэдлэжьмэ, хэкум псэуэ къыхэнэнщ.

II

Ди къуэпсыр куущ, ди тхыдэри лъы защIэщ,
КъэткIуа гъуэгуанэм къытхинэжари мащIэщ,
ИтIани псэуныгъэ - мурад гуащIэр
Адыгэ хэкум ену хуэлэжьэху,

Уэрэду, щIакхъуэ Iыхьэу, гъатхэ псынэу,
ЩIэныгъэм ич лъэбакъуэу е псэупIэу,
Сабий щыгъыныр зыгъэбыдэ дыпIэу
Ди шэрджэс гъащIэм ныхэтлъхьэхукIэ Iуэху,

Хьэршым кIуэжахэм я псэр нэхъ зэгъэнущ,
Къызыхуеплъыхь ди гъащIэр нэхъ гъэгъэнущ,
Псэум ди къалэн тэмэмри арагъэнущ,
Дехуэхыу - ди псэр хьэршым изэгъэху.

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас.

